



Konje Familyal ak Maladi Peve (PFML) Kesyon yo Poze Souvan (FAQ's) pou Anplwaye yo

Remak: FAQ sa a fèt pou ede anplwaye yo a anplwaye yo pi byen konprann dwa yo ak reponsablite yo, epi navige nan Lwa sou Konje Familyal ak Maladi Peve nan Maine nan. Dokiman sa a bay enstriksyon men li pa ranplase otorite Lwa owa Règleman pwogram nan. Enfòmasyon ki nan gid sa a ka chanje. Ale sou <https://www.maine.gov/paidleave/> pou w ka jwenn tout dènye enfòmasyon yo.

Kesyon Jeneral:

1. Èske m gen kouvèti?

Prèske tout moun k ap travay nan Maine kouvri anba Lwa sou Konje Familyal ak Maladi Peve nan Maine nan.

Gen kèk eksepsyon:

- Si w ap travay nan gouvènman federal la, ou pa gen kouvèti.
- Si w se anplwaye yon gouvènman triba, ou pa gen kouvèti; sof si gouvènman triba la chwazi antre nan pwogram nan.
- Si yo mete w nan prizon, ou pa gen kouvèti.
- Si sèl travay ou gen nan Maine nan fè pati yon pwogram etid, ou pa gen kouvèti.
- Si w se yon anplwaye endepandan, w ap gen kouvèti sèlman si w chwazi patisipe.

Après tout eksepsyon sa yo, ou gen dwa pou yo peye w konje maladi pou kèk rezon byen presi, si w ranpli kèk kondisyon parapò ak salè w.

2. Ki lè pwogram nan ap kòmanse?

Kontribisyon Prim asirans yo te kòmanse 1ye janvye 2025, epi yo prevwa pou prestasyon yo kòmanse 1ye me 2026.

3. Ki revni yo egzije pou yon moun jwenn prestasyonj?

Si w touche Salè Minimòm Chak Semèn Eta a (State Average Weekly Wage, SAWW) 6 fwa pandan yon peryòd tan, w ap reponn ak egzijans revni pwogram nan. Chak ane, Depatman Travay Maine nan anonse SAWW, pandan li konsidere done salè nan eta a. Peryòd tan pou w genyen 6 fwa SAWW la se Peryòd Debaz ou: kat premye nan senk dènye trimès ou fè anvan konje w la kòmanse.

Pa egzanzp: Si konje w la ap kòmanse apati 1ye out 2026, Peryòd Debaz ou a ta dwe soti 1ye avril 2025 rive 31 mas 2026. Si pandan peryòd sa a, ou gen pou piti sis fwa SAWW la, konsa, y

ap ka apwouve w pou prestasyon pou konje sa a an out 2026. An 2024, SAWW la te \$1,144, men li chanje chak ane, epi nou pa ka prevwa konbyen l ap ye nan ane k ap vini yo.

Anplwayè w la (oswa anplwayè w yo, si w ap travay pou plis pase yon konpayi) ap di nou ki revni w te genyen nan chak trimès, kidonk, n ap gen sa nan dosye nou. N ap gade si w ranpli kondisyon salè a lè w soumèt yon demann konje peye.

4. Ki rezon ki ka fè m pran konje?

Maine PFML kouvri konje pou rezon sa yo:

- **Konje Maladi:** Peryòd kote yon pwoblèm sante grav anpeche w travay.
- **Konje Parantal:** Peryòd pou kreye lyen ak yon timoun ki fèk fèt, plasman famiyal oswa adopsyon.
- **Konje pou Swen Famiyal:** Peryòd pou pran swen yon pwòch ki gen yon maladi grav.
- **Konje pou Fanmi Militè:** Peryòd pou prepare deplwaman yon manm fanmi an ki militè.
- **Konje Sekirite:** Peryòd pou yon moun asire sekirite l aprè yon abi oswa yon vyolans.

5. Konbyen konje m ka pran?

Maine PFML bay jiska 12 semèn konje nan yon Ane Prestasyon. Ane Prestasyon an se yon peryòd 12 mwa ki kòmanse menm semèn konje w la kòmanse.

6. Èske tan m genyen m genyen ki disponib pou Konje Famiyal ak Maladi Peye (PFML) nan Maine ap redui si m pran konje annakò ak lòt lwa?

Wi. Maine PFML, Lwa sou Konje Famiyal ak Maladi (Family and Medical Leave Act, FMLA), ak Maine FMLA mache an menm tan lè yo aplike yo tout. Yo pa fèt pou itilize youn separe ak lòt: si toule twa kouvri w, ou pa ka chwazi pran 12 semèn FMLA federal epi 12 semèn separe apre sa nan PFML Maine. Tout konje w pran annakò ak FMLA federal la oswa FMLA Maine nan nan 12 mwa anvan prestasyon PFML Maine ou a kòmanse, y ap redui nan 12 semèn ki disponib nan PFML Maine nan.

Pa egzanp: Si w pran 4 semèn nan FMLA federal la or FMLA Maine nan an desanm 2025, w ap sèlman gen 8 semèn ki disponib nan PFML an 2026 lè prestasyon w yo kòmanse an me 2026.

7. Èske m dwe pran tout konje m yo yon sèl kou?

Non, ou pa oblije pran tout konje w la yon sèl kou.

- Si w bezwen pran yon konje 12 semèn konplè, ou ka fè sa.
- Si w bezwen pran yon konje de semèn, ou ka fè sa, epi w ap gen dis semèn ki rete pou itilize pi devan si sa nesèsè.
- Epitou, ou ka pran konje pa peryòd -- yon jou alafwa, oubyen pafwa yon pati nan yon jounen -- si se lè sa a w bezwen pran konje.

8. Èske travay mwen an ap asire pandan m an konje a?

Sa depann. W ap gen pwoteksyon pou travay ou a si w te travay pou anplwayè w la pandan omwen 120 jou suivi suivi nan moman ou pran konje a. Sa vle di lè konje w la fini epi w retounen travay, anplwayè w la oblije remete w nan pòs ou te genyen lè w te pran konje a. Yo ka remete w nan yon lòt pòs, men se sèlman si l koresponn ak salè, prestasyon ak kondisyon ki menm ak sa w te genyen an.

Si w pran yon konje absans ki peye nan yon travay kote w te travay pou mwens pase 120 jou, se klè anplwayè w la ka remete w nan pòs ou, men yo pa gen obligasyon fè sa.

Nan nenpòt ka a, anplwayè w la pa gen dwa pran revanj kont ou paske w te pran yon konje absans.

9. Ki lè m dwe fè anplwayè m nan konnen m ap pran konje?

Ou dwe bay anplwayè w la yon nòt alavans ki rezonab si w konnen ou pral bezwen pran konje:

- Pa egzanp, si w konnen ou pral bezwen konje pou yon operasyon ki pwograme nan de mwa, yon avi omwen 30 jou alavans ta rezonab.
- Si w konnen davans ou pral bezwen konje, men ki pa lwen konsa davans, ou dwe avize anplwayè w la lè w konn sa.
- Si w bezwen konje pou yon ijans, ou dwe avize anplwayè w la pi vit posib.

Kenbe nan tèt ou ou pral bezwen avize anplwayè w la e tou soumèt yon demann pou prestasyon yo. Gade seksyon Application Timeline yo pou plis detay sou ki lè pou soumèt demann ou an.

10. Èske yon lòt moun ka bay yon avi konje nan non m?

Wi, si w pa kapab bay yon avi, yon lòt moun ka fè sa pou ou. Pa egzanp, si w bezwen konje akòz yon ijans medikal, yon manm fanmi oswa yon pwofesyonèl swen sante ka bay avi a pou ou.

11. Èske gen yon tan k ap pase anvan yon moun jwenn prestasyon lè yo fin apwouve yo?

Sa depann. Gen yon peryòd atant 7 jou si konje w la se akòz pwòp pwoblèm medikal ou. Si yo apwouve konje medikal ou a, yo p ap ka peye benefis yo pou premye 7 jou kalandriye yo ki kòmanse apati premye jou konje a. Si w ap pran konje pou yon lòt rezon, pa gen peryòd atant pou li.

W ap bezwen respekte yon sèl peryòd atant pa ane prestasyon. (Yon ane prestasyon se yon peryòd 12 mwa kote w ka pran 12 semèn konje, epi li kòmanse lè w kòmanse premye konje w.) Sa vle di si w pran 4 semèn konje maladi, yo p ap peye premye semèn nan epi y ap peye 3 lòt semèn yo. Ansuit, si w pran yon lòt 4 semèn konje maladi anvan fen ane prestasyon an, y ap peye toule 4 semèn sa yo. Si w pran yon lòt 4 semèn konje maladi, ann di twa ane aprè, yo p ap peye premye semèn nan piske w nan yon nouvo ane prestasyon. Kidonk, ou dwe respekte yon peryòd atant ankò.

12. Èske y ap redui prestasyon PFML mwen yo lè pèman yo soti nan yon lòt pwogram m ta ka resevwa?

Sa depann.

Y ap redui prestasyon PFML ou yo dola pou dola pou tout pèman w resevwa menm moman an ki soti nan:

- Asirans Chomaj Piblik
- Dedomajman travayè, eksepte pou prestasyon enkapasite an pati akòz yon blese ki rive anvan demann PFML la
- Tout pwogram Enkapasite akoutèm oswa pwogram Enkapasite alontèm (tankou Asirans Enkapasite Sekirite Sosyal)
- Yon plan asirans enkapasite alontèm avèk anplwayè w gen kounye a oswa ou te genyen anvan sa

Lè w fè yon demann, Administratè a ap poze w kesyon sou pèman ou ta ka resevwa nan lòt pwogram yo pou yo ka ba w prestasyon ki egzak yo. Pa bliye si w jwenn prestasyon nan youn nan pwogram sa yo ak PFML la anmenmtan, epi w pa fè Administratè a konn sa, w ap remèt lajan yo te dwe retire sou prestasyon w yo.

Yo p ap redui prestasyon PFML ou yo pou rezon sa yo:

- Plan asirans enkapasite akoutèm anplwayè w la
- Pwolonjman salè anplwayè w la chwazi peye w la pou l ka konble eka ant montan prestasyon w yo ak montan ou konn abitye yo abitye peye w (Tanpri, sonje si w peye tout salè nèt nan tarif yo konn peye anplwaye a, prestasyon PFML yo p ap kòmanse toutotan pwolonjman salè pa fini.)
- Salè ki baze sou itilizasyon PTO pou konble eka ant montan prestasyon w yo ak montan ou konn abitye yo abitye peye w
- Dedomajman anplwaye pou prestasyon enkapasite ki pa total akòz yon blese ki rive anvan demann PFML la.

13. Èske m ka itilize konje peye (paid time off (PTO)) m te sanble avèk anplwayè m nan pandan m te nan PFML la?

Anplwayè w la pa fòse w itilize PTO w la pandan PFML ou si w pa vle sa. Sepandan, prestasyon PFML yo pa ranplase salè konplè a, yon fason pou anplwaye yo ta toujou chwazi itilize yon pati nan PTO a pou yo konble eka ant montan prestasyon yo a ak salè yo abitye peye yo. Epitou, itilize yon pati nan PTO w la pandan konje w la ka yon mwayen pou pèmèt yo fè rediksyon salè pou bagay tankou prim asirans sante pandan konje w la. Ou dwe verifye avèk anplwayè w ki règleman l genyen sou sijè sa a.

14. Mwen te gen yon timoun an 2025. Èske m ta ka kalifye pou m pran PFML an 2026?

Sa posib. Ou ka pa ka pran konje medikal paske tan pou w refè apre akouchman an ap deja fini. Men, ou ka toujou pran konje famiyal pou w pase tan ak timoun nan, si se nan menm ane li fèt

la. Sonje tou, si w te deja pran konje san peye anba lwa federal FMLA oswa lwa Maine FMLA a nan ane avan w mande konje a, sa ka fè ou gen mwens tan PFML nan Maine.

Kijan pou w Aplike ak Konbyen Tan sa Pran

15. Ki dokiman yo mande lè yon moun ap aplike pou PFML?

- Prèv Idantite
- Enfòmasyon sou Kiyès ki Anplwayè a
- Motif Konje a
- Prèv idantite manm fanmi w, si w pral pran konje pou pran swen yon manm fanmi w ki malad anpil
- Pwopozisyon orè konje w ka pran

Lè w ap fè demann lan, n ap di w si w bezwen bay lòt enfòmasyon, tankou papyè doktè si se konje medikal, epi n ap di w dènye dat pou w voye papyè yo.

16. Ki dokiman pou m pote si m ap mande PFML pou m pran swen yon manm fanmi m?

Ou dwe pote yon prèv ki idantifye fanmi w lan, epi yon papyè doktè ki di moun nan malad anpil e li bezwen swen. Si moun w ap pran swen an pa menm fanmi w sou papyè, men se yon moun ou gen bonjan relasyon avè l tankou se yon fanmi, ou ka bezwen bay lòt prèv pou w montre jan nou pwòch.

17. Èske yo ka refize ban m prestasyon si m pa bay tout dokiman yo mande yo?

Si w pa voye enfòmasyon yo bezwen pou sipòte demann ou a byen vit, ou ka rive jwenn plis tan pou w fè sa. Men, nan tou de ka yo, benefis ou yo ka pran plis tan pou rive si w pa voye papyè yo alè. Si w pa voye enfòmasyon yo mande yo ditou, yo ka oblije rejte demann ou a.

18. Ki lè m ka voye demann PFML mwen an?

Ou ka voye demann ou a depi 60 jou avan konje w lan kòmanse, si w deja konnen w ap bezwen konje byen bonè alavans.

- Dènye jou w ka voye demann lan se 90 jou apre konje w lan te kòmanse.
- Si w rate dat limit 90 jou sa a, men w panse ou ka montre yon bon rezon poukisa ou te anreta, fè n konnen epi n ap revize sitiyasyon w lan.
- Pa bliye ou menm tou ou gen responsabilite pou w pale ak anplwayè w la sou ki lè w ap bezwen konje a. Nan pifò ka, li bon pou w fè yo konn sa 30 jou alavans, oswa osito w konn sa si se pa yon konje ou te prevwa.

N ap fè anplwayè w la konnen ou voye yon demann konje nan espas senk (5) jou ouvrab apre w fin depoze l. Sonje byen, benefis yo pap kòmanse jiska 1ye me 2026.

19. Ki lè m ap jwenn prestasyon pèman m yo?

Pwogram PFML la p ap peye okenn benefis jiskaske nou fin revize tout enfòmasyon ki nesèsè pou sipòte aplikasyon w lan. Si nou apwouve aplikasyon w lan, n ap peye benefis ou yo, atravè transfè labank oswa kat debi, pi vit posib apre nou fin pran desizyon an.

Gwo Tètchaje:

20. Ki sa pou m fè si anplwayè m nan ap bay kèk ti pwoblèm konsènan bezwen m genyen pou m pran konje a?

Nan kèk ka, anplwayè w la ka di si w pran konje nan dat ou mande a, sa ka deranje travay yo anpil. Yo gen 10 jou ouvrab pou yo fè sa apre ou fin voye demann ou an.

Si sa rive, n ap gade dokiman anplwayè w yo pou n konprann ki jan sa ap afekte biznis la, epi sa yo pwopoze pou konje a ka deranje travay la mwens. Apre sa, n ap deside si w bezwen chanje dat konje a. Sa vle di, konje w la ka apwouve pou yon lòt peryòd olye sa w te mande okòmansman.

21. Si orè konje m nan chanje, èske m ka fè apèl sou desizyon sa a?

Wi, ou menm ak anplwayè w la ka fè apèl si orè konje w la chanje akòz yon desizyon ki te kreye twòp difikilte. Ou dwe depoze apèl la nan espas 15 jou ouvrab apre notifikasyon an.

22. Ki sa k ap rive si anplwayè m nan avèk mwen antann nou pou planifikasyon konje m nan pa ba yo gwo kontrent?

Si konje w mande a pa pral deranje travay anplwayè w la nan yon pwenn kote yo panse sa ap bay gwo pwoblèm, yo ka siyen yon dokiman ki fè konnen demann ou an ka kontinye san yo pa bezwen tann 10 jou travay pou yo fè konnen nenpòt enkyetid.

Kontribisyon Prim Asirans:

23. Èske yo pran taks Prim Asirans PFML yo?

Kesyon pou n konnen si yo pran taks sou prim asirans PFML yo depann de oryantasyon ak pwosesis Sèvis Revni Federal la. IRS pibliye gid ofisyèl sou kesyon taks ou ka wè la a: [RR-25-04](#).

24. Kòman m ap fè konnen si anplwayè m nan retire nan prim asirans PFML salè m nan oswa si montan rediksyon an chanje?

Anplwayè w la dwe mete enfòmasyon sou rediksyon prim asirans PFML yo sou relve pèman w lan. Si yo chanje montan prim yo retire nan salè w la, yo dwe fè w konnen pa ekri pou pi piti sèt jou anvan premye chèk pèman w ap touche a. Sonje byen, yo pa ka retire plis pase demi pousan nan salè w. Yo ka chwazi retire mwens pase demi pousan si yo deside peye tout oswa yon pati

nan kontribisyon an pou ou. Sa se yon bagay yo ka chanje, men yo dwe voye yon avi ekri ba ou alavans.

25. Mwen panse gen yon bagay ki pa nòmal nan fason anplwayè m nan jere kontribisyon prim asirans yo. Ki sa m dwe fè?

Si w panse yo retire twòp lajan, ou ka jwenn kontribisyon ki anplis yo sou fòm ranbousman. Si w gen rezon pou w kwè anplwayè w la pa peye prim asirans yo egziye a nan pwogram nan nan non w, sa ka fè l pi difisil pou w jwenn yon konje peye alavni lè w bezwen sa. Kèlkeswa jan sa ye, nou vle konnen -- kontakte nou nan (207) 621-5024.

Prestasyon:

26. Èske yo pran taks sou prestasyon PFML nan Maine?

Remak: Nan dat 1⁹ desanm 2025, IRS te bay yon pwolonjman pou kèk kondisyon sou prestasyon taks PFML yo konsènan tretman prestasyon konje maladi a kòm salè: Pwolonjman Peryòd Tranzisyon an jiska Ane Fiskal 2026 la pou Kèk Kondisyon nan Desizyon Fiskal 2025-4. Pou ane fiskal 2026 la, PFML Maine nan pral deklare pòsyon taks sou avantaj konje maladi a [kòm revni](#) epi l ap bay anplwaye a Fòmilè 1099-G a. Anplwaye a ap gen posiblite pou l retire enpo sou revni eta a ak federal la, men yo p ap mete okenn prestasyon PFML sou taks sou salè Sekirite Sosyal la ak Medicare a pandan ane 2026 la. Apati ane fiskal 2027 la, y ap trete pòsyon taks prestasyon konje maladi a tankou yon *salè* epi y ap deklare l sou Fòmilè W-2 anplwaye a, jan yo presize sa pi wo a. Y ap mete pòsyon taks prestasyon PFML pou konje maladi a sou taks sou salè pou Sekirite Sosyal la ak Medicare a an 2027 e alavni. Yo ka jwenn ansyen rekòmandasyon nou yo konsènan tretman prestasyon PFML yo anvan pwolonjman sa a pi ba a:

Pafwa, yo pran taks sou prestasyon PFML Maine yo, e pafwa yo pa pran. Sèvis Revni Entèn nan (The Internal Revenue Service, IRS) se pi bon sous enfòmasyon nan kesyon fiskalite. Yo pibliye rekòmandasyon ofisyèl sou kesyon sa a. Ou ka verifye sa la a: [IRS Règ Revize 2025-4](#). Tablo 2 nan paj 30 lan fè yon bon rezime, ansanm ak enfòmasyon ki pi ba yo.

Yo konsidere prestasyon yo bay pou demann **familyal** kòm yon *revni yo ka pran taks sou li*, men yo pa konsidere l kòm *salè*. Sa a se menm bagay ak fason yo trete prestasyon chomaj yo. Ou ka chwazi fè retrè sou prestasyon w yo pou enpo sou revni eta a ak federal la. Y ap ba w yon Fòmilè 1099-G nan fen ane a lè w ap ranpli deklarasyon sou revni w lan.

Yo trete prestasyon yo bay pou **konje maladi** yon fason ki diferan selon moun k ap peye prim pou kouvèti asirans lan: anplwaye a oswa anplwayè a.

- Lè anplwaye yo peye tout prim asirans yo, yo p ap pran taks sou prestasyon konje maladi yo. Nan Maine, anplwayè ki gen pi piti pase 15 anplwaye p ap peye pati pa yo a nan prim asirans lan, kidonk, anplwaye a ap peye tout prim asirans lan.
- Lè anplwaye a peye yon pati nan prim asirans lan, se sèlman sou pati ki koresponn ak kontribisyon an yo p ap pran taks. Y ap *pran* taks sou pati yo bay pou anplwayè a kontribye a.

- Menm si yon anplwayè peye volontèman yon pati nan prim asirans ki pataje ak anplwaye a, règ sou taks la ap toujou rete menm tankou sa lalwa prevwa nan pataj responsablite yo.

Anjeneral, sa vle di si w pran konje nan men yon anplwayè ki gen pi piti pase 15 anplwaye (kote lalwa deside pou se anplwaye yo ki peye prim asirans yo), yo p ap pran taks sou okenn konje maladi w ap pran. Si w pran konje nan men yon anplwayè ki gen 15 anplwaye oswa plis (kote lalwa deside anplwaye a ap peye mwatye nan prim asirans lan epi anplwayè ap peye mwatye), Y ap pran taks sou mwatye nan prestasyon konje maladi w ap pran kòm salè. Y ap pran taks sou salè pou Sekirite Sosyal ak Medicare nan pati ka pran taks sou la nan prestasyon konje maladi a. Epitou, ou ka chwazi retire volontèman enpo sou revni eta a ak federal la. W ap resevwa yon Fòmilè W-2 pou pati taks pa w la pou lè w ap ranpli deklarasyon enpo sou revni w lan.